

# Kesyon yo Poze Pi Souvan sou Nouvo Sistèm Sèvis Kliyantèl la

## Ki travay Orange & Rockland ap fè?

N ap ranplase sistèm ke n ap itlize aktyèlman pou n ranfose sèvis kliyantèl la nan tout zòn sèvis Orange & Rockland ak Con Edison yo. Nouvo sistèm sèvis kliyantèl la ede nou sèvi kliyan yo pi byen gras ak jesyon sèvis koneksyon, faktirasyon, pwosesis peman, rekouvreman ak travay sou teren.

## Kilè tranzisyon pou ale nan novo sistèm sèvis kliyantèl la ap fèt? Ki sèvis ki p ap disponib?

My Account (Kont Mwen) ak sèten chanèl Orange & Rockland p ap disponib pou yon ti tan pandan tranzisyon an soti 5 rive 9 oktòb.

## Tanpri note dat espesifik sa yo pou antretyen nan sistèm nan:

- **oru.com:** Jedi 5 oktòb jiska lendi 9 oktòb
- **Aplikasyon Mobil:** Jedi 5 oktòb jiska lendi 15 oktòb
- **Sinyalman blakawout anliy:** Vandredi 6 oktòb jiska lendi 9 oktòb

Ou p ap ka planifye pwochen peman yo pandan tranzisyon an. N ap aksepte sèlman peman ki fèt nan menm jou a soti samdi 2 septanm rive jedi 5 oktòb.

Ou p ap ka ni kòmanse ni kanpe yon sèvis anliy soti jedi 28 septanm jiska lendi 9 oktòb. Si w bezwen jere sèvis ou yo pandan moman sa, tanpri rele nan 1- 877-434-4100.

Si w gen pàn kouran oswa ou gen pwoblèm sevis pandan jou sa yo, tanpri voye yon mesaj tèks OUT bay 69678 (myORU) oswa rele nou nan 1-877-434-4100.

Si w sispekèn gen yon fuit gaz, kite espas la san pèdi tan epi rele 911.

## Ki chanjman m pral remake?

Ann oktòb, ou pral wè yon **nouvo nimewo kont, ki gen 11 chif** sou fakti w la – sa ki fè yon chif anplis pa rapò ak ansyen nimewo kont ou an. Pwofil kont ou an ak kont ki asosye ak li a (yo) ap rete menm jan.

## Èske gen yon bagay ke m dwe fè?

Si w peye fakti w atravè sitwèb Orange & Rockland la oswa aplikasyon mobil la, oswa ou enskri nan Auto Pay (Peman Otomatik), li pa nesesè pou w fè okenn aksyon. Si w peye fakti w dirèkteman atravè sitwèb bank ou an oswa atravè Home Banking (Sèvis Bankè Adomisil), w ap bezwen antre novo nimewo kont Orange & Rockland ou an. Si w peye ak chèk, tanpri mete novo nimewo kont ou an sou fich peman w lan.

## Kisa k ap rive si m peye fakti ak ansyen nimewo kont mwen an?

Pandan n ap ankouraje w pou w kòmanse itilize nouvo nimewo kont ou an ke w jwenn sou fakti oktòb ou a, tout peman ki te fèt ak ansyen nimewo kont ou an ap toujou pase pandan yon peryòd tranzisyon.

## Kijan m ap fè okouran de chanjman sa yo?

N ap antre an kontak ak kliyan yo atravè imèl, medya sosyal, nan antèt fakti yo, nan mesaj pou faktirasyon ak publikasyon sou sitwèb yo.

## Kijan Orange & Rockland pral fè pou tranzisyon an ka fèt byen swa?

Preparasyon nou yo gen ladan yon konsantrasyon sou sipò kliyantèl, ogmantasyon pèsonèl sant dapèl la, epi fòmasyon apwofondi pou anplwaye yo pou ede yo ak sipò kliyantèl.

## Èske sant sèvis san randevou yo ap louvri?

Sant yo ap fèmen jou k ap jedi 5 oktòb la a 2 p.m. e yo ta dwe relouvri jou k ap madi 10 oktòb.

## E si m bezwen peye fakti m pou m evite yo koupe sèvis mwen?

Nou p ap koupe sèvis okenn kliyan pandan tranzisyon an.

## Kijan pou m wè nimewo kont mwen an?

Nan My Account (Kont Mwen), nimewo kont ou an parèt anba adrès ou lè ou [peye fakti w](#).

Sou papye fakti ou a, nimewo kont ou an parèt nan pati anlè adwat fakti w la, anba non w.

## Kijan pou m fè pou poze kesyon sou tranzisyon an oswa sou nouvo nimewo kont mwen an?

Tanpri voye yon [imèl bannou](#) oswa rele [1-877-434-4100](#) si w gen kesyon toujou.